Citation: Fallou Ngom (PI), Elhadji Djibril Diagne, Cheikh Mouhamadou S. Diop, Margaret Rowley, Daivi Rodima-Taylor, and other contributors. 2022. "Biography of Lady Maam Jaara Buso." http://sites.bu.edu/nehajami/the-four-languages/wolof/wolof-manuscripts/soxna-maam-jaaratul-laahi-buso/.

# Soxna Maam Jaaratul Laahi Buso

[Page 1]

Bismi -l-Lāhi al-Raḥmāni al-Raḥīmi wa ṣalla l-Lāhu taʿalā

ʿalā saydinā wa mawlānā Muḥammadin wa ʿalā ālihī

wa ṣaḥbihī wa Khadīmihī wa ummatihī wa sallama taslīman.

Lii ab tënk la ci dundug Soxna Maam Jaara Buso.

Turam dëgg moo di Maryama Buso, Jaaratul Laahi. Mi ngi

gane àdduna ci atum 1833 ci dëkk bu ñuy wax

Gollere ca Fuuta, Senegaal. Waajuram wu góor

moo di Sëriñ Muhammadu Buso ibnu Muhammadu Amaad

ibnu Aliyyu Buso. Ñu doon ay Shurafaa. Boo ko toppee

ba ci Imaamul Hasan di doomi Aliyyu miy doomi

Abu Bakrin; boo ko toppee ba ci Fatimatu Zahraa

Bintu Rasuulul Laahi, ṣalla l-lāhu ʿalayhi

wa sallam, ñooy seen maam. Waajuram wu jigéen

mooy Soxna Astu Waalo Mbàkke. Nekkoon ku am xam-xam.

[Page 2]

Daa na jàngale Al-quraanul Kariim ak xam-xamu

diine ci fànn yépp, rawatina suufuyankeek tasawwuf.

Te jamono booba ñu bari xamuñu ko ci Afrik wàlla kon

bariwul. Moo tax moo jàngal Al-quraanul Kariim

Soxna Maam Jaara Buso Jaaratul Laahi ba mu mokkal

Alxuraanul Kariim ba bind kaamil bi mu amee fukki

at ak ñent, ak mbooléem xam-xami diine yi. Wegu

lool cig ndawam ba ci ak magam. Moo tax

ñu naa ko Jaaratul Laahi. Farlu lool ci jaamu Yàlla

ak mbooléem liggéey yépp yu soxnay def ci kër

ndax Sëriñ Maam Moor Anta Sali Mbàkke mi mu nekkaloon

boroom daara ju mag la woon. Nga xam ne mbooloo mu bari

di jóge fenn fu ne ci réew mi ngir di sàkkusi xam-xam

ci moom. Soxna Jaara war naa tax kuy jigéen

nàngul sëriñam, boole cay dukkat aki xël.

[Page 3]

ndax bu juree mu dib yaaram. Wax na nee: "musula julli

te jappul; musula julli te wirdul. Téere baa di waxtaanam.

Moo toroxal Saytaane." Boole kook yaru lool ak

liggéey ba Yàlla baaxe ko jaarale ci moom kii di Boroom

Jamono muy Sëriñ Tuubaa, Shaykh Ahmadu Bamba

Xaadimu Rasuul. Daa na waxtaane jikkoy nit ñu

baax ñi ngir bëgg ñuy roy ci ñoom. Amoon na sutura

lool. Sëriñ Basiiru Mbàkke moo ko wax ci Minanul

Baaxil Xadiim. Moo tax Sëriñ Tuubaa, Shaykhunaa

Ahmadu Bamba, Xaadimu Rasuul, wax na ne sànt naa

Soxna Maryama Buso Jaaratul Laahi lool, lool, lool,

ndax suturaal na ma cig ndaw muy seere su am solo

ëmb lu baree-bari. Moo tax Sëriñ Mbay Jaxate wax ko ne:

"Yaw Soxna Jaaratul Laahi bégal saw ŋaññ rot na asal. Yaay ki

jur ki jëm ci Boroomam woote ñépp wuyu." Soxna

[Page 4]

Jaara nak wax ci moom dana jafe lool ndax mbiram dafa yéeme lool. Waaye waykat yi way nañu ko ci Wolof. Muy Sëriñ Mbay Jaxate ak Sëriñ Maam Moor Kayre ak Sëriñ Muusaa ka. Wax nañu lu yiw ciy jëfam ak ay jikkóom. Am na ku ñuy wax Sëriñ Masàmba Maryama Jóob, mooy waajuru Soxna Tàkko Jóob, nee na jàmbaaruk Soxna Maam Jaara Buso Jaaratul Laahi akug mëna muñam dakoo yéemoon lool. Moom mi ngi doon jànge ci daaray Sëriñ Maam Moor Anta Sali Mbàkke. Am bis mu bëgga koo séet. Dafa bàyyi ba Soxna Maam Jaara Buso Jaaratul Laahi rooti bay ñëw mu fexe ba tuur ndox ma. Waaye ba mu koy jéggalu Soxna Maam Jaara Buso Jaaratul Laahi woyofal ko lool te booba ndox jafewoon na lool, te nekk nak waxtuw

[Page 5]

tangóor. Soxna Maam Jaara Buso Jaaratul Laahi ne ko amul solo, xanaa rekk li ci satalak Sëriñ Maam Moor Anta Sali Mbàkke wara génn. Nee na nak mu xam ne kii lépp lu ñuy wax ci moom ci jikko yu rafet lu wér la. Te bàyyi na fi it sunu yaakaar dunyā wa l-ukhrā mu di Sëriñ Tuubaa, Shaykhunaa,

Ahmadu Bamba, Xaadimu Rasuul. Muy jëmm joo xam ne

mbooléem Senegaal gépp ba sax àdduna gépp

mën nan cee roy. Mu sooga wuyuji Boroomam. Mu ngi génn

àdduna ci Poroxaan. Amoon na fanwéeri at ak

ñett 33 (1864). ʿAlayhi riḍa l-mawlā l-bāqil qadīmi, ci barkeb Sëriñ Tuubaa,

Shaykhunaa Ahmadu Bamba, Xaadimu Rasuul.

Āmīn yā rabbul ʿālamīna

Allāhuma ṣalli ʿalā saydinā Muḥammadin nabiyyil ummiyyi

wa ʿalā ālihī wa ṣaḥbihī wa Khadīmihī wa ummatihī wa sallama taslīman.